



ÈSKE OU JANM MANDE TÈT
OU, “KILÈS POU MWEN
KONTAKTE KONSÈNAN
KEKSYON SOU MEDICAID?”

SI SE WI, TILIV SA A **KAPAB**
EDE REPONN KEKSYON SA.

LADAN OU VA JWENN
ENFÒMASYON POU AJANS
KI PATISIPE DIRÈKTEMAN
NAN PWOGRAM
MEDICAID NAN FLORID.

GEN LÒT **RESOUS** ANPLIS
LADAN TOU POU LÒT AJANS
KI KAPAB EDE OU AVÈK
BEZWEN SWEN SANTE W.



AJANS POU ADMINISTRASYON SWEN SANTE
2727 MAHAN DRIVE, TALLAHASSEE, FL 32308
WWW.AHCA.MYFLORIDA.COM

V.052020

AJANS POU ADMINISTRASYON SWEN SANTE

KILÈS POU KONTAKTE



AJANS KI PATISIPE DIRÈKTEMAN NAN PWOGRAM MEDICAID NAN FLORID

LIY ASISTANS AHCA MEDICAID LA

Si ou genyen pwoblèm/enkyetid ak plan sante oubyen plan dantal w la oubyen fee-for-service Medicaid

- Chwazi yon plan sante oubyen plan dantè Medicaid
- Chanje plan sante oubyen plan dantè Medicaid ou

Si ou enskri nan yon plan sante oubyen plan dantal, rele plan w lan pou enfòmasyon sou pwofesyonèl ak sèvis ki kouvri yo. Si ou bezwen èd pou jwenn enfòmasyon kontak pou plan w lan, oubyen si ou pa enskri nan yon plan, rele Liy Asistans Medicaid la nan **1-877-254-1055** oubyen vizite www.ahca.myflorida.com/Medicaid.

PLAN SANTE MEDICAID OU

- Pou lokalize yon doktè
- Sèvis plan w lan kouvri
- Transpò pou rive jwenn sèvis ki kouvri yo
- Lòt kalite keksyon ou ka genyen

Rele plan sante Medicaid ou pou poze kèlkanswa kesyon sou sèvis Medicaid ou yo. Si ou bezwen èd pou jwenn enfòmasyon pou kontakte plan ou, rele Liy Dirèk Medicaid pou asistans nan **1-877-254-1055** oswa ale nan www.ahca.myflorida.com/Medicaid.

PLAN DANTAL MEDICAID OU AN

- Lokalize yon doktè
- Sèvis plan w lan kouvri
- Lòt kesyon jeneral ou ka genyen

Rele plan dantè Medicaid ou an pou nenpòt kesyon sou sèvis Medicaid ou yo. Pou transpò pou randevou dantè, w ap bezwen rele plan sante w la. Si ou bezwen èd pou jwenn enfòmasyon kontak pou plan w lan, rele Liy Asistans Medicaid nou an nan **1-877-254-1055** oubyen vizite www.ahca.myflorida.com/Medicaid.

LIY IJANS KONSÈY POU CHWA MEDICAID LA

- Chwazi yon plan sante oubyen plan dantè Medicaid
- Chanje plan sante oubyen plan dantè Medicaid ou
- Si ou genyen kesyon sou pòtay manm lan
- Enfòmasyon sou pwogram Swen Kontwòl Medicaid Nan tout Eta a (Statewide Medicaid Managed Care, SMMC)
- Si ou genyen pwoblèm/enkyetid ak plan sante oubyen plan dantè w la

Rele Liy Dirèk Medicaid Chwa pou Konsèy nan **1-877-711-3662** oswa ale nan www.flmedicaidmanagedcare.com.

BIWO SEKIRITE SOSYAL LA

- Rezidan Florid ki resevwa Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, SSI) otomatikman kalifye pou Medicaid nan Florid
- Pou rapòte chanjman adrès
- Pou aplike pou Asirans Sekirite Sosyal pou Andikap (Social Security Disability Insurance, SSDI) ak SSI

Rele Sekirite Sosyal nan **1-800-772-1213** oswa ale nan www.ssa.gov.

DEPATMAN AFÈ GRANMOUN AJE

- Enfòmasyon sou sèvis swen alontèm
- Sant Resous pou Vyeyès ak Andikap (Aging and Disability Resource Center, ADRC)
- Sèvis Bezwen Asirans Sante Granmoun Aje (Serving Health Insurance Needs of Elders, SHINE)

Rele Depatman Afè Granmoun Aje nan **1-800-963-5337** oswa ale nan www.elderaffairs.state.fl.us.



DEPATMAN TIMOUN AK FANMI

- Kondisyon kalfikasyon pou Medicaid ak aplikasyon pou avantaj Medicaid
- Refi oubyen anilasyon kalifikasyon pou Medicaid
- Pwogram Pataj Frè/Moun ki nan Nesesite sou plan Medikal
- Rapòte kat Jòn abricò Medicaid-wa ki pedi
- Pwogram Medicare Buy-in
 - » Benefisyè Medicare ki Kalifye (Qualified Medicare Beneficiary, QMB)
 - » Benefisyè Medicare Revni Fèb Espesyal (Specified Low-Income Medicare Beneficiary, SLMB)
 - » Moun Kalifye I (Qualifying Individual I, QI1)
- Prev pwoteksyon sante Medicaid ou te ginying avan sa
- Pou rapòte yon chanjman adrès
- Pou rapòte chanjman oswa ajoute moun nan kay la
- Lèt Avi Desizyon sou Dosye
- Pwogram Swen Enstitisyonèl (Institutional Care Program, ICP)
 - » Kalifikasyon pou Etablisman Swen enfimye ak Ospis

Rele Depatman Timoun ak Fanmi nan **1-850-300-4323** oswa ale nan www.myflorida.com/accessflorida.

LÒT RESOUS ANPLIS

PWOGRAM FLORIDA KIDCARE

Florida KidCare se yon pwogram asirans sante pou timoun ki nan Florid. Li gen ladan Medicaid pou timoun ak Pwogram Asirans Sante Timoun (Children's Health Insurance Program, CHIP). Enskripsyon an baze sou laj timoun nan, revni fanmi an ak nesosite swen sante.

Pwogram Florida KidCare yo:

- Medicaid pou timoun
 - » Depi nesans rive nan laj 18 lane
- Pwogram CHIP yo
 - » MediKids - pou timoun ki pa gen asirans ki nan laj 1 rive 4 lane
 - » Healthy Kids - pou timoun ki pa gen asirans ki nan laj 5 rive 18 lane
 - » Plan Sèvis Medikal Timoun (Children's Medical Services, CMS) - pou timoun ki pa gen asirans ki nan laj 1 rive 18 lane epi ki gen nesosite swen sante espesyal

Rele Florida KidCare nan **1-800-821-5437** oswa ale nan www.floridakidcare.org pou jwenn enfòmasyon sou enskripsyon ak montan peman yo.

MEDICARE

Medicare se pwogram asirans sante federal la pou moun ki gen 65 lane oswa plis, pou sèten jèn moun ki gen andikap, ak moun ki soufri defayans ren an pèmanans e ki nesosite dializ oubyen yon grèf ren (pafwa yo rele sa ESRD)

- Enskripsyon/Chanjman Plan
- Sa Medicare kouvri (medikaman yo ladan)
- Reklamasyon ak Kontestasyon

Rele Medicare nan **1-800-633-4227** oswa ale nan www.medicare.gov.